दिन– बुधवार दिनांक–11.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे अगिला पीढीक बुनियादी ढांचाक लेल भारतक प्रयास सतत आ दीर्घकालिक दृष्टि सँ प्रेरित अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे ई आत्मनिर्भर भारतक नींव राखि रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे बुनियादी ढांचा मे क्रांतिक एगारह बरख भऽ गेल अछि। एहि दरमियान बेहतरीन बुनियादी ढांचा बनाओल गेल अछि। एहि सँ भारतक विकास मे गति आयल अछि। ओ कहलनि जे रेलवे सँ लऽकऽ राजमार्ग आ बंदरगाह सँ हवाई अड्डा धरि भारतक तेजी सँ पसरि रहल बुनियादी ढांचा नेटवर्क जीवन कैं आसान बना रहल अछि आ समृद्धि बढ़ा रहल अछि।

---

राज्यक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल सभ सहायक निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी लोकनि कैं बूथ स्तर पर सर्वे कऽ मतदाता सूची कैं अद्यतन करबाक निर्देश देलनि अछि। सहायक निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी लोकनिक प्रशिक्षण कार्यक्रम कैं संबोधित करैत श्री गुंजियाल कहलनि जे मतदाता सूची मे पंजीकरण, नाम विलोपित करब आ स्थानांतरण सँ संबंधित आवेदनक निष्पादन प्राथमिकताक आधार पर होयबाक चाही। ओ जनौलनि जे जल्दिए राज्य मे विशेष संक्षिप्त पुनरीक्षण कार्यक्रम शुरू होयत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे बिहारक पहिल टू लेन डबल डेकर एलिवेटेड कॉरिडोरक उद्घाटन कयलनि। ई कॉरिडोर गांधी मैदान सँ पीएमसीएच होयत अशोक राजपथ, साईंस कॉलेज आ एनआईटी के जोड़ैत अछि। एहि फ्लाईओवर सँ अशोक राजपथ पर यातायात सुगम होयत आ लोकसभ कैं जामक समस्या सँ राहत भेटत। फ्लाईओवरक ऊपरी डेकक लंबाई दू हजार एक सय पचहत्तरि मीटर जखनकि निचला डेकक लंबाई एक हजार चारि सय उनचास मीटर अछि। एकर निर्माण पर चारि सय बाइस करोड़ टाकाक

लागति आयल अछि। ओतहि, मुख्यमंत्री अशोक राजपथ पर स्थित राजकीय उर्दू पुस्तकालयक नव भवनक उद्घाटन सेहो कयलनि।

———————————————————————————

राजधानी पटना मे कोविडक नव मामिलाक भेटबाक सिलसिला जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान तीन नव मरीजक पुष्टि भेल। एखन धरि चौंसठ गोटे मे कोविड संक्रमणक पुष्टि भेल अछि। एहि मे सँ चौबीस मरीज पूर्ण रूपें स्वस्थ भऽ चुकल छथि।

———————————————————————————

शिक्षक नियुक्ति परीक्षाक तेसर चरणक अभ्यर्थी लोकनि आइ पूरक परिणाम जारी करबाक मांग के लऽकऽ पटना मे शिक्षा मंत्री सुनील कुमार घेराव कयलनि। प्रदर्शनकारी सभ बाकरगंज लऽग शिक्षा मंत्रीक गाड़ी के आगां सुति कऽ प्रदर्शन आ नारेबाजी कयलनि। पुलिसक मददि सँ शिक्षा मंत्री कैँ सुरक्षित रवाना कयल गेलनि।

———————————————————————————

महान संत, कवि आ समाज सुधारक संत कबीर दासक आइ जयंती अछि। एहि अवसर पर प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी संत कबीर दासक जयंती पर हुनका श्रद्धांजलि अर्पित करैत कहलनि जे ओ अपन जीवन सामाजिक सद्भावक लेल समर्पित कऽ देलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार संत कबीर दास कैँ याद करैत कहलनि जे ओ अपन रचनाक माध्यम सँ अपन समय मे समाज व्याप्त कुरूरीति सभ के विरोध कयलनि।

———————————————————————————

पूरा प्रदेश भीषण गर्मी के चपेट मे अछि। वातावरण मे नमीक मात्रा बढला सँ लोकसभ कैँ उमस भरल गर्मीक सामना करय पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अधिकांश ठामक अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस के लऽग पास पहुँच

गेल अछि। विभागक अनुसार आइ सुपौल, अररिया आ किशनगंज के छोड़ि कऽ राज्यक अधिकांश हिस्सा मे गर्म दिवसक स्थिति बनल अछि।

———————————————————————————

मैथिलीक वरिष्ठ साहित्यकार आ पत्रकार शरदिन्दु कुमार चौधरीक आइ पटना मे निधन भऽ गेलनि। ओ लगभग सत्तरि बरखक छलाह। शरदिन्दु कुमार चौधरी मिथिला मिहिर सहित दर्जनो पत्र–पत्रिकाक संपादन कयलनि। श्री चौधरीक ख्याति एक व्यंग्य लेखकक रूप मे सेहो छल। हुनक निधन पर साहित्य, पत्रकारिता आ रंगमंच सँ जुड़ल लोक सभ अपन संवेदना व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————————————

सीतामढ़ी जिलाक बथनाहा मे पछिला दिन एक युवकक भेल हत्याक मामिला मे पुलिस दू आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

अररिया नगर थाना क्षेत्र सँ पुलिस मादक पदार्थ के खरीद–बिक्री के आरोप मे एक महिला समेत तीन तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। हुनका लऽग सँ मादक पदार्थ स्मैक के संग–संग कतेको आपत्तिजनक सामान बरामद कयल गेल।

———————————————————————————

कटिहार जिलाक रौतारा थाना क्षेत्र स्थित गोविंदपुर चौक लऽग पुलिस तीस लाख टाका मूल्यक स्मैक के संग तीन तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।